



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE POUSANTAJ REZILTA TÈS POZITIF COVID-19 KI PI BA DEPI LÈ PANDEMI AN TE KÒMANSE

Anonse Vil New York sou wout pou antre nan dezyèm faz nan re-ouvèti a nan dat 22 jen

Anonse Mid-Hudson Valley sou wout pou antre nan twazyèm faz nan re-ouvèti a nan dat 23 jen, epi Long Island sou wout pou antre nan twazyèm faz nan re-ouvèti a nan dat 24 jen

Gouvènè a siyen lejislasyon ki entèdi anplwayè swen sante yo penalize anplwaye yo paske yo fè plent pou vyolasyon anplwayè yo

DFS la jwenn akò ajans rapòtaj sou kredi yo pou bay konsomatè yo rapò kredi gratis epi ede redwi rapòtaj negatif sou konsomatè yo

Gouvènè anonse kantite ka lanmò ki pi ba depi lè pandemi an te kòmanse

Konfime 567 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 385,142; Nouvo ka nan 33 Konte

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta a te atenn pousantas tès COVID-19 ki pi ba yè depi lè pandemi an te kòmanse. Sou 59,341 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, sèlman 567, oswa mwens pase yon pousan, te pozitif.

Gouvènè a te anonse tou ke Vil New York sou wout pou antre nan Dezyèm Faz re-ouvèti a nan dat 22 jen. Mid-Hudson Valley sou wout pou antre nan Twazyèm Faz nan re-ouvèti a nan dat 23 jen, epi Long Island sou wout pou antre nan Twazyèm Faz nan re-ouvèti a nan dat 24 jen baze sou done aktyèl. Enstriksyon pou biznis sou Dezyèm Faz nan plan re-ouvèti eta a disponib [isit la](#) ak enstriksyon sou Twazyèm Faz nan plan re-ouvèti eta a disponib [isit la](#).

Gouvènè Cuomo te siyen tou lejislasyon (S.8397-A/A.10326-A) ki entèdi anplwayè swen sante yo penalize anplwaye yo paske yo fè plente pou vyolasyon anplwayè yo. Nouvo lwa sa a pral bay pwofesyonèl medikal yo pi gwo pwoteksyon epi pèmèt yo pale yon fason ki pi lib sou kondisyon travay yo ak sekirite anplwaye oswa pasyan yo nan espas travay la.

"Vil New York sou wout pou antre nan Dezyèm Faz Ilandi sa a, epi Mid-Hudson Valley ak Long Island sou wout pou antre nan Faz Twa semèn pwochèn lan. Se yon ansanm règ pou tout moun, epi yo te mache tout kote nan Eta a paske Nouyòkè yo te responsab nan sa yo ap fè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan pi plis biznis kòmanse re-ouvri nan tout Eta a, pwopriyetè magazen yo, anplwaye ak gouvènman lokal yo tout te responsab epi yo te fè djòb yo a pou ede anpeche yon nouvo pwopagasyon viris sa a. Nouyòkè yo te fè yon djòb enkwayab nan travay pou repouse viris sa a, epi nou dwe kontinye rete entèlijan dekwa pou nou pa efase pwogrè nou te fè yo."

Senatè Diane J. Savino te deklare, "Mwen kontan dèske Gouvènè Cuomo te pran mezi rapidman pou siyen pwojè lwa sa a pou vini lwa, patikilyèman pandan nou kontinye ap re-ouvri. Anplwayè yo pa ta dwe travay nan yon anviwònman ki pa an sekirite pandan nou ap soti nan pandemi sa a, espesyalman sila yo ki nan domèn swen sante yo. Nou dwe asire ke yo bay moun yo tout pwoteksyon si yo sonnen alam sou sit travay ki pa an sekirite yo dekwa pou nou garanti kantite moun ki enfekte yo rete nan yon minimòm absoli".

Manm Asanble Karines Reyes te deklare, "Mennen batay pou Lwa sou Pwoteksyon Denonsyatè nan Swen Sante (Healthcare Whistleblower Protection Bill) se yon gwo sous fyète pou mwen. COVID-19 te bay piblik la yon apèsi nan sitiyasyon danjere ki kouran ke nou tout founisè yo konnen twò byen. Se devwa travayè swen sante yo pou pwoteje lavi pasyan nou yo, menm odepan de pwòp lavi pa nou. Nou prete sèman epi nou fè sèman pou nou pa fè moun mal. Lè nou ranfòse pwoteksyon sa yo nou ap sekirize byennèt tout pèsonèl medikal la, pasyan yo, ak vizitè yo lè nou pa limite dwa pou pale kont kondisyon travay ki pa an sekirite yo ak nòm swen pou pasyan yo".

Gouvènè a te anonse tou ke Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York la te jwenn yon akò avèk endistri rapòtaj sou kredi New York la pou ede konsomatè New York yo fè fas ak difikilte ke COVID-19 lakòz pou evite enpak negatif ki pa jistifye sou rapò kredi konsomatè yo. DFS la ankouraje enstitisyon finansye ke Eta New York reglemante yo pou founi enfòmasyon sou kredi nan fason ki minimize enpak negatif yo sou konsomatè yo.

Ajans sou rapòtaj kredi yo pral:

- Bay yon rapò sou kredi gratis chak mwa jiska novanm 2020;
- Enfòmè enstitisyon finansye yo sou pwosedi ki pèmèt enstitisyon yo rapòte peman oswa ki pa fèt oswa peman delenkan yo nan fason ki minimize enpak la sou istwa kredi ak nòt kredi konsomatè yo;
- Enfòmè enstitisyon finansye yo sou obligasyon rapòtaj sou kredi yo a anba Lwa federal sou Èd, Soulajman, ak Sekirite Ekonomik pou Kowonaviris (Coronavirus Aid, Relief, and Economic Security, CARES) la, ki bay soulajman pou konsomatè yo; ak

- Bay avèk enstitisyon finansye yo sou rapòtaj sou kredi ki gendwa pa respekte egzijans Lwa CARES la.

Gouvènè a te anonse tou eta a te atenn kantite ka lanmò ki pi ba depi lè pandemi an te kòmanse. Disèt (17) moun nan New York te mouri akòz COVID-19, kont yon rekò 800 moun jis nèf semèn de sa.

Pousantaj tèz pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se konsa:

REJYON	DIMANCH	LENDI	MADI
New York City	1.30%	1.20%	1.20%
Capital Region	0.70%	0.70%	0.30%
Central New York	1.30%	1.40%	1.10%
Finger Lakes	0.40%	0.60%	0.60%
Long Island	0.90%	1.00%	0.70%
Hudson Valley	1.00%	1.00%	0.90%
Mohawk Valley	0.70%	1.40%	0.60%
North Country	0.00%	0.20%	0.30%
Southern Tier	0.50%	0.20%	0.10%
Western New York	1.40%	1.00%	1.00%

Gouvènè a te konfime tou 567 lòt ka nouvo kowonaviris, sa ki bay yon total 385,142 ka konfime nan Eta New York. Nan total 385,142 moun tèz yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,029	3
Allegany	55	0
Broome	657	1
Cattaraugus	109	2
Cayuga	106	0
Chautauqua	108	0
Chemung	138	0
Chenango	139	0
Clinton	99	0
Columbia	442	0
Cortland	42	0
Delaware	89	1
Dutchess	4,077	2
Erie	6,882	30

Essex	40	0
Franklin	25	0
Fulton	236	0
Genesee	216	3
Greene	252	0
Hamilton	6	0
Herkimer	128	0
Jefferson	82	1
Lewis	21	1
Livingston	123	0
Madison	338	2
Monroe	3,418	16
Montgomery	104	0
Nassau	41,320	30
Niagara	1,177	6
NYC	210,941	350
Oneida	1,307	6
Onondaga	2,558	13
Ontario	234	0
Orange	10,599	19
Orleans	270	2
Oswego	139	0
Otsego	82	1
Putnam	1,294	2
Rensselaer	515	1
Rockland	13,467	7
Saratoga	523	1
Schenectady	737	2
Schoharie	55	1
Schuyler	12	0
Seneca	64	0
St. Lawrence	215	0
Steuben	257	0
Suffolk	40,770	32
Sullivan	1,433	0
Tioga	140	0
Tompkins	173	0

Ulster	1,744	2
Warren	257	0
Washington	243	0
Wayne	137	3
Westchester	34,385	27
Wyoming	93	0
Yates	40	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)